

BIWO ETA NEW YORK POU ASISTANS TANPORÈ AK ANDIKAP (NEW YORK STATE OFFICE OF TEMPORARY AND DISABILITY ASSISTANCE)

FÒMILÈ POU RAPÒTE CHANJMAN NAN SUPPLEMENTAL NUTRITION ASSISTANCE PROGRAM (SNAP)

(Tanpri Ekri byen Klè)

NIMEWO DOSYE

OU DWE RAPÒTE TOUT CHANJMAN NAN SIKONSTANS OU YO DAPRE REGLEMAN KI EKRI ANBA LA YO.

DAT: _____

BAY: _____

ADRÈS: _____

RANPLI FÒMILÈ SA EPI POSTE L VOYE BAY:

NON, ADRÈS AK NIMEWO TELEFÒN DISTRI LOKAL:

RESPONSABILITE W POU RAPÒTE CHANJMAN

Tanpri li kesyon ak regleman yo ak anpil atansyon. Si w pa rapòte ankenn chanjman yo mande w pou rapòte dapre regleman yo, nou ka genyen pou defini yon reklamasyon pou avantaj Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) ki peye anplis epi ranmase kantite lajan k peye anplis la nan men w.

W ap jwenn anba la esplikasyon sou chanjman ou DWE rapòte yo. Ou ka toujou rapòte si w vle nenpòt chanjman ki gen yen sou kay SNAP ou, epi si chanjman sa pral ogmante nivo avantaj ou epi ou verifiye chanjman sa, nou pral ogmante avantaj ou.

ÈSKE W OU SE YON "RAPÒTÈ SENPLIFYE" (6 MWA) OSWA YON "RAPÒTÈ CHANJMAN"? OU KA REPONN KESYON SA YO POU WE SI W SE YON "RAPOTE SENPLIFYE" OSWA YON "RAPOTE CHANJMAN".

1. Èske w resewva avantaj SNAP tranzisyon (transitional SNAP benefits, TBA)?	<input type="checkbox"/> WI – Ale nan "TBA" nan paj 3 (Sote kesyon 2 jiska 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan Kesyon #2, anba la
2. Èske w resewva avantaj New York State Nutrition Improvement Project (NYSNIP)?	<input type="checkbox"/> WI – Ale nan "NYSNIP" nan paj 3 (Sote kesyon 3 jiska 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan Kesyon #3, anba la
3. Èske w sètifye pou avantaj SNAP pandan twa mwa oswa mwens anmenm tan?	<input type="checkbox"/> WI – Ale nan "Rapòte Chanjman" nan paj 2 (Sote kesyon 4 jiska 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan Kesyon #4, anba la
4. Èske youn moun nan fwaye w gen yon salè ki konte nan kantite avantaj SNAP ou yo?	<input type="checkbox"/> WI – Ale nan "Rapòte Senplifye" nan paj 2 (Sote kesyon 5 jiska 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan Kesyon #5, anba la
5. Eske tout granmoun (18 lane ak plis) nan fwaye w se anikape pèmanan oswa gen 60 lane ak plis?	<input type="checkbox"/> WI – Ale nan "Rapòte Chanjman" nan paj 2 (Sote kesyon 6 jiska 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan Kesyon #6, anba la
6. Èske kay ou w resewva \$0 revni (san bliye \$0 Asistans Tanporè)	<input type="checkbox"/> WI – Ale nan "Rapòte Chanjman" nan paj 2 (Sote kesyon 7 ak 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan Kesyon #7, anba la
7. Èske w sanabri (san kay) oswa ou se yon travayè nan fèm pou yon sezon/migran?	<input type="checkbox"/> WI – Ale nan "Rapòte Chanjman" nan paj 2 (Sote kesyon 8)	<input type="checkbox"/> NON – Ale nan Kesyon #8, anba la
8. Ou te reponn "NON" pou tout 7 kesyon anlè yo	<input type="checkbox"/> Ale nan "Rapòte Senplifye" anlè paj 2 a	

REGLEMAN RAPÒTE SENPLIFYE: Antanke yon kay SNAP ki anba regleman “Rapòte senplifye”, ou blije sèlman rapòte chanjman nan moman pwochen resètifikasyon w lan, esepite nan twa sityasyon annapre yo:

- Si revni brit chak mwa kay ou depase 130% nivo povrete a, ou DWE rapòte montan chak mwa sa bay distri sèvis sosyal ou nan telefòn, alekri, oswa pèsònèlman sou 10 jou apre fen mwa kalandriye kote w te depase nivo 130% a. Revni brit se montan revni anvan taks ak lòt dediksyon yo pran, men pa montan ou resewva lè w touche chèk ou. Ou dwe itilize revni brit la nan gade si w kalifye pou resewva avantaj SNAP. Travayè sosyal ou pral esplike kisa 130% nivo povrete a vle di pou yon fanmi gwose pa w la. Tout lòt kalte revni ou resewva anplis salè dwe ajoute sou revni salè brit ou pou konnen si w depase 130% nivo povrete a. Egzanp lòt sous revni ki kontan tankou pansyon alimantè timoun ou resewva, Asirans Chomaj, peman Asistans Tanporè, Konpansasyon Travayè, Avantaj Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) ak peman enfimite prive.

Si w pa rapòte revni brit ou depase 130% nivo povrete a nan nenpòt mwa kalandriye, tout avantaj ou resewva apre mwa sa ka konsidere kòm lajan k peye anplis. Sa se vre menm si revni brit ou a tonbe anba 130% nivo povrete a nan yon mwa pi devan.

- Si peryòd sètifikasyon kay ou depase 6 mwa: Nan yon kontwòl sis mwa nan peryòd sètifikasyon w la, ou pral resewva yon fòmilè sou Rapò Peryodik ke ou DWE retounen nan dis jou apre ou resewva fòm lan. Si kay ou gen nenpòt nan chanjman anba yo, ou DWE rapòte yo sou fòm rapò a yo voye ba w la nan kontwòl sis mwa a.

Lis Chanjman ou dwe rapòte nan kontwòl sis mwa a:

- Chanjman nan tout sous revni pou nenpòt moun nan kay ou a
- Chanjman nan total revni ki rantre nan kay ou lè li ogmante oswa bese nan plis pase \$100 chak mwa
- Chanjman nan total revni ki pa rantre nan kay la ki soti nan yon sous piblik tankou Avantaj sekirite Sosyal oswa Avantaj Asirans Chomaj lè li monte oswa desann plis pase \$100 chak mwa
- Chanjman nan total revni ki soti nan yon sous prive ki pa rantre nan kay ou tankou Peman Pansyon Alimantè timoun oswa Asirans Enfimite Prive lè li ogmante oswa bese nan plis pase \$100 chak mwa
- Chanjman nan kantite lajan ki legalman obligatwa pou peye pou swen yon timoun andeyò fwaye SNAP
- Chanjman nan ki moun kap viv ak ou
- Si ou deplase, nouvo adrès ou ak nouvo lwaye oswa depans pou ipotèk ou, chofaj/èkondisyone ak depans pou sèvis piblik
- Yon nouvo oswa diferan machin, oswa lòt veyikil
- Ogmantasyon lajan kach, aksyon, obligasyon lajan labank lakay ou oswa enstitisyon epay si total lajan kach ak epay tout manm yo nan kay la kounye a plis pase \$2,250 (plis pase \$3,500 si nenpòt moun lakay ou andikape oswa gen laj 60 ane oswa pi gran)
- Nenpòt chanjman nan kay ou ki tap abouti nan yon amann jan sa dekri nan paj 6
- Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon Granmoun Anfòm Ki San Depandan (Able-Bodied Adult Without Dependents, ABAWD), moun sa DWE di distrik lan si orè travay li mwens pase 80 èdtan pa mwa, nan yon peryòd 10 jou ki vini apre fen mwa a. ABAWD an kapab mande distrik lan yon aktivite travay ki kalifye pou kapab ede li ranpli kondisyon ABAWD federal yo. Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon ABAWD, li ta dwe tou rapòte si fanmi ou an te al viv nan yon zòn ki gen yon egzan pou ABAWD ki apwouve onivo federal, oswa si ABAWD an kwè ke li ta dwe egzan de kondisyon ABAWD an.

REGLEMAN POU RAPÒTE CHANJMAN:

Antanke kay SNAP ki anba regleman “Rapòte Chanjman” yo, ou DWE rapòte chanjman annapre yo nan 10 jou apre fen mwa kote chanjman an te rive:

- Chanjman nan tout sous revni pou nenpòt moun nan kay ou a
- Chanjman nan total revni ki rantre nan kay ou lè li ogmante oswa bese nan plis pase \$100 chak mwa
- Chanjman nan total revni ki pa rantre nan kay la ki soti nan yon sous piblik tankou Avantaj sekirite Sosyal oswa Avantaj Asirans Chomaj lè li monte oswa desann plis pase \$100 chak mwa
- Chanjman nan total revni ki soti nan yon sous prive ki pa rantre nan kay ou tankou Peman Pansyon Alimantè timoun oswa Asirans Enfimite Prive lè li ogmante oswa bese nan plis pase \$100 chak mwa
- Chanjman nan montan pansyon alimantè lalwa fè w obligasyon pou peye pou yon timoun andeyò fwaye SNAP ou
- Chanjman nan ki moun kap viv ak ou
- Si ou deplase, nouvo adrès ou ak nouvo lwaye oswa depans pou ipotèk ou, chofaj/èkondisyone ak depans pou sèvis piblik
- Yon nouvo oswa diferan machin, oswa lòt veyikil
- Ogmantasyon lajan kach, aksyon, obligasyon lajan labank oswa enstitisyon epay si total lajan kach ak epay tout manm yo nan kay la kounye a plis pase \$2,250 pou yon kay ki pa genyen yon granmoun oswa yon manm ki andikape de fason oswa \$3,500 pou yon kay ki genyen yon granmaoun oswa manm kay la andikape nan fason pèmanan.
- Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon Granmoun Anfòm Ki San Depandan (Able-Bodied Adult Without Dependents, ABAWD), moun sa DWE di distrik lan si orè travay li mwens pase 80 èdtan pa mwa, nan yon peryòd 10 jou ki vini apre fen mwa a. ABAWD an kapab mande distrik lan yon aktivite travay ki kalifye pou kapab ede li ranpli kondisyon ABAWD federal yo. Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon ABAWD, li ta dwe tou rapòte si fanmi ou an te al viv nan yon zòn ki gen yon egzan pou ABAWD ki apwouve onivo federal, oswa si ABAWD an kwè ke li ta dwe egzan de kondisyon ABAWD an.
- Nenpòt chanjman nan kay ou ki tap abouti nan yon amann jan sa dekri nan paj 6

RAPÔTE CHANJMAN TBA pou kay nan resevwa avantaj tranzisyon:

- Avantaj SNAP tranzisyon ka kontinye rive 5 mwa apre dosye Asistans Tanporè w fèmen.
- Ou pa blije rapòte chanjman pandan peryòd tranzisyon an. Si w gen chanjman ki ka ogmante avantaj ou, ou ka kontakte travayè sosyal ou pou depoze yon aplikasyon resètifikasyon byen bonè nenpòt lè pandan peryòd tranzisyon an pou resevwa ogmantasyon an. Ogmantasyon an pa ka fèt jiskaske yon aplikasyon resètifikasyon siyen depoze, ak jiskaske pwosesis resètifikasyon an fini nèt.
- Ou dwe resètifiye prèske nan fen peryòd tranzisyon an pou wè si w ka kontinye resevwa avantaj SNAP apre peryòd tranzisyon w lan fini. Nou pral voye ba w yon avi pou raple w egzijans resètifikasyon sa. Si w pa resètifiye, nou pa pral voye ankenn avi epi nou dwe fèmen dosye SNAP ou a.

RAPÔTE CHANJMAN NYSNIP pou patisipan nan NYSNIP:

- Ou pral resevwa yon lèt kontak 24 mwa apre ou kòmanse patisipasyon w nan NYSNIP ki dwe ranpli epi retounen.
- Ou pa blije rapòte chanjman pandan peryòd sètifikasyon w lan ki pa lèt kontak 24 mwa a. Ou ka rapòte si w vle ogmantasyon nan depans medikal, lwaye, pri chofaj/èkondisyone, oswa pri sèvis piblik oswa bès nan salè. Si w rapòte epi verifye chanjman sa yo, ou ka kalifye pou plis avantaj SNAP. Ou pa blije, men dwe rapòte nouvel adrès ou si w demenaje, pou w ka kontinye resevwa tout avi nou voye bawou.

Regleman pou Rapòte Asistans Tanporè: Regleman ki ekri piwo yo aplike sèlman pou SNAP. Si w resevwa TA tou, ou toujou blije rapòte chanjman pou TA nan 10 jou chanjman an, sou Kesyonè Kalifikasyon TA ak nan resètifikasyon.

Kilè pou itilize fòmilè sa:

Fòmilè sa ka sèvi pou rapòte nenpòt chanjman obligatwa oswa volontè. Ou ka itilize tou fòm sa pou rapòte chanjman nan pri swen pou timoun oswa granmou enfim, oswa chanjman nan pri abri menm si w pa demenaje. Si depans sa yo ogmante ou ka kalifye pou resevwa plis avantaj SNAP.

Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon Granmoun Anfòm Ki San Depandan (Able-Bodied Adult Without Dependents, ABAWD), moun sa DWE di distrik lan si orè travay li mwens pase 80 èdtan pa mwa, nan yon peryòd 10 jou ki vini apre fen mwa a. ABAWD an kapab mande distrik lan yon aktivite travay ki kalifye pou kapab ede li ranpli kondisyon ABAWD federal yo. Si nenpòt moun ki nan fanmi SNAP ou an se yon ABAWD, li ta dwe tou rapòte si fanmi ou an te al viv nan yon zòn ki gen yon egzan pou ABAWD ki apwouve onivo federal, oswa si ABAWD an kwè ke li ta dwe egzan de kondisyon ABAWD an.

Fòmilè sa dwe voye pa lapòs, faks oswa pote nan ajans ki ekri piwo a. Si pou yon rezon ou pa ka poste, faks oswa pote fòm sa, ou ka rapòte tou chanjman yo sou entènèt atravè myBenefits.ny.gov oswa rele nan telefòn nan nimewo ki nan Paj 1 an nan fòmilè sa.

SOTI NAN SNAP - Si w pa vle resevwa avantaj SNAP ankò, siyen la pou pa patisipe nan SNAP ankò. Avantaj SNAP ou pral kanpe. Ou gen dwa pou konteste retrè sa si w santi yo te ba w enfòmasyon ki pa kòrèk oswa enkonplè sou kalifikasyon w pou avantaj SNAP lè w mande yon Odyans San Patipri nan 90 jou. Ou ka re aplike pou avantaj SNAP nenpòt lè apre retrè ou.

X _____

SI W KENBE ENFÒMASYON SOU CHANJMAN NAN KAY OU W OBLIJE RAPÔTE, OU PRAL DWE NOU VALÈ BENEFIS SNAP ANPLI OU RESEVWA KÒM REZILTA. SI W FÈ ESPRE W KENBE ENFÒMASYON LÈ W BLIJE RAPÔTE YO, OU KA DISKALIFYE POU RESEVWA SNAP EPI OU KA SIBI JIJMAN PENAL (GADE "AVÈTISMAN AMANN SNAP" KI TACHE LA NAN PAJ 6).

Itilize Fòm Anba La pou Rapòte Chanjman

CHANJMAN NAN REVNI OSWA SOUS REVNI – Si w se yon Rapòtè Senplifye, w ap jwenn esplikasyon sou regleman pou rapòte chanjman yo nan Paj 2. Si w se yon Rapòtè Chanjman, regleman ou rapòte w yo eslipe tou nan Paj 2.							
NON MOUN KAP RESEVWA REVNI	NON PATWON OU OSWA SOUS REVNI	NOUVO MONTAN	KANTITE LÈ TOTAL OU TE TRAVAY PA SEMÈN, SI WAP TRAVAY	KONBYEN FWA OU RESEVWA			
1.		\$					
2.		\$					
3.		\$					
CHANJMAN NAN KAY – Mete anba la tout nouvo manm nan kay ou tankou timoun ki fenk fèt. Mete tou lis manm ki vin abite nan kay oswa ki kite oswa ki mouri.							
NON	DAT NESANS	RELASYON	CHANJMAN (MAKE YOUN)	DAT	CHAK KILÈ OU RESEVWA (semanal, chak de semèn, pa mwa)	KANTITE LÈ TOTAL OU TE TRAVAY PA SEMÈN, SI WAP TRAVAY	SOUS REVNI
1.			<input type="checkbox"/> TE VIN NAN KAY LA <input type="checkbox"/> TE KITE KAY LA		\$		
2.			<input type="checkbox"/> TE VIN NAN KAY LA <input type="checkbox"/> TE KITE KAY LA		\$		
3.			<input type="checkbox"/> TE VIN NAN KAY LA <input type="checkbox"/> TE KITE KAY LA		\$		
4.			<input type="checkbox"/> TE VIN NAN KAY LA <input type="checkbox"/> TE KITE KAY LA		\$		
CHANJMAN ADRÈS							
NOUVO ADRÈS POU LÈT LAPOÈS		VIL		ETA		ZIP KOD	
SI W PA GEN YON ADRÈS LARI, BAY ADRÈS POU RIVE LAKAY OU (Si w se yon sanzabri, kite l vid)						NIMEWO TELEFON KOTE YO KA JWENNOU () KOD ZON	
CHANJMAN NAN PRI LOJMAN – Si w demenaje, ou dwe mete nouvo pri w yo anba la. Menm si ou pa demenaje, ou ka itilize seksyon sa pou di nou lwaye w, peman mògedj ou oswa lòt pri chanje.							
Èske w lwe yon chanm owa ou se yon pansyonè? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Si wi, èske manje <input type="checkbox"/> LADANN <input type="checkbox"/> OSWA PA LADANN							
LWAYE	WI	NON	SI WI, BAY KANTITE LAJAN CHAK MWA	CHANJMAN (MAKE YOUN)			
Èske w peye lwaye?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	\$	<input type="checkbox"/> Menm lan <input type="checkbox"/> Plis <input type="checkbox"/> Mwens			
Èske w peye pou bagay annapre yo apa lwaye w?	WI	NON					
• Chofaj ak/oswa èkondisyone	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>					
• Sèvis piblik (elektrisite, gaz fou, fatra, elatriye.)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>					
PEMAN IPOTÈK	WI	NON	SI WI, BAY KANTITE LAJAN CHAK MWA	CHANJMAN (MAKE YOUN)			
Èske w ap eye yon ipotèk?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	\$	<input type="checkbox"/> Menm lan <input type="checkbox"/> Plis <input type="checkbox"/> Mwens			
Èske w peye pou bagay annapre yo apa ipotèk ou:	WI	NON	SI WI, BAY KANTITE LAJAN CHAK MWA	CHANJMAN (MAKE YOUN)			
• Taks sou pwopriyete	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	\$	<input type="checkbox"/> Menm lan <input type="checkbox"/> Plis <input type="checkbox"/> Mwens			
• Asirans kay	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	\$	<input type="checkbox"/> Menm lan <input type="checkbox"/> Plis <input type="checkbox"/> Mwens			
• Chofaj ak/oswa èkondisyone	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>					
• Sèvis piblik (elektrisite, gaz fou, fatra, elatriye.)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>					
Èske w ap viv nan seksyon 8 oswa yon lòt Lòt lojman sibvansyone? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON			Èske w ap viv nan lojman piblik? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON				
CHANJMAN NAN KANTITE MACHIN OSWA VEYIKIL – Èske yon moun nan fanmi w te achte, vann oswa chanje yon machin, kamyon, bato, camper, motosiklet oswa lòt veyikil depi dènye fwa ou te enfòmè sou veyikil?							
MAK	MODÈL		ANE	SI L VANN, LAJAN W RESEVWA			
1.				\$			
2.				\$			
3.				\$			

CHANJMAN NAN EPAY – Fè lis total kantite lajan manm kay ou gen pou kounye a. Mete kach, epay, kont, kont chèk, aksyon, obligasyon oswa lòt envestisman. Ou dwe di nou si ekonomi kay la ogmante nan plis pase \$2,250 (plis pase \$3,500 si yon moun nan kay ou w gen 60 lane oswa plis oswa yo te jwenn li andikape).

\$

CHANJMAN NAN PRI SWEN TIMOUN, SWEN DEPANDAN OSWA KANTITE PANSYON ALIMANTÈ TIMOUN KI PEYE – Èske pri swen pitit ou oswa swen depandan w chanje? Si wi, ou ka kalifye pou plis avantaj SNAP.

CHANJMAN (MAKE YOUN)	POU KIMOUN?	KIMOUN OU PEYE?	NOUVO MONTAN	KONBYEN FWA W PEYE?
1. <input type="checkbox"/> PA GEN DEPANS ANKÒ <input type="checkbox"/> GEN DEPANS			\$	
2. <input type="checkbox"/> PA GEN DEPANS ANKÒ <input type="checkbox"/> GEN DEPANS			\$	
3. <input type="checkbox"/> PA GEN DEPANS ANKÒ <input type="checkbox"/> GEN DEPANS			\$	

CHANJMAN NAN DEPANS MEDIKAL (Doktè, dantis, Lopital, Preskripsyon, elatriye) – Ou sèlman blije rapòte chanjman nan depans medikal nan resètifikasyon. Sepandan, ou ka si w vle rapòte chanjman nan espans medikal nenpòt lè pou manm kay ki:

- Gen 60 lane oswa plis
- Se madanm/oswa timoun enfim yon veteran ki mouri
- Jwenn Supplemental Security Income (SSI)
- Kap jwenn peman Social Security Disability
- Jwenn avantaj enfimite veteran
- Jwenn avantaj retrèt enfimite
- Jwenn avantaj Railroad Retirement
- Jwenn asistans medikal sou baz enfimite

Si w rapòte epi verifiye yon ogmantasyon nan depans medikal ou, ou ka kalifye pou resevwa plis avantaj SNAP.

NON	TIP DEPANS	MONTAN	CHAK KONBYE FWA OU GEN POU PEYE?
		\$	
		\$	
		\$	
		\$	

ÈSKE W ESPERE CHANJMAN OU RAPÒTE YO PRAL KONTINYE MWA ANNAPRE A?

 WI NON

Si se **"NON"** esplikè:

MAKE LA SI OU PA JWENN ANKENN CHANJMAN POU RAPÒTE SOU KAY SNAP OU

 ANKENN
CHANJMAN

CHANJMAN AVANTAJ

Nou pral itilize repons ou yo ki sou fòm sa pou wè si avantaj kay ou a pral chanje. Anvan nou chanje avantaj ou yo, nou pral voye bawou ou avèk ki esplikè kisak pral rive. Si w pa dakò ak desizyon nou an, ou gen dwa pou gen yon odyans san patipri pou konbat desizyon nou an.

ASIRE W OU LI EPI SIYEN PAJ 6



AVÈTISMAN AMANN POU PWOGRAM SIPLEMAN ASISTANS NITRISYON

AVÈTISMAN AMANN SNAP – Tout enfòmasyon ou bay ki konekte ak aplikasyon w pou SNAP pral anba verifikasyon otorite onivo federal, eta ak lokal. Si nenpòt enfòmasyon enkorèk, yo ka refize w SNAP. Ou kapab sijè a pouswit kriminèl lajistis si ou te ak tout konesans ou bay enfòmasyon ki pa korèk ki kapab afekte elijibilite ou pou kantite avantaj yo. Nenpòt moun ki vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète pwovizwa oswa nenpòt moun ki sove pou evite pouswit, gad oswa anprizonman pou yon krim e lapolis ap pouswiv li pa kalifye pou resewva benefis SNAP.

Si yo jwenn yon manm kay SNAP te komèt yon Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram lan (IPV), manm lan pap ka resewva benefis SNAP pou yon peryòd:

- 12 mwa pou premye SNAP-IPV a;
- 24 mwa pou dezyèm SNAP-IPV a;
- 24 mwa pou premye SNAP-IPV, ki baze sou rezilta yon tribinal ke moun lan te itilize oswa resewva benefis SNAP nan yon tranzaksyon ki enplike lavant yon sibstans kontwole (dwòg ilegal oswa sèten dwòg kote preskripsyon yon doktè obligatwa);
- 120 mwa, si yo dekouvri ke ou te fè yon fo deklarasyon sou ki moun ou ye ak ki kote w ap viv pou jwenn plizyè avantaj SNAP anmenmtan, sòf si ou diskalifye pou toutan pou yon twazyèm IPV.

Anplis, yon tribinal ka entèdi yon moun pou patisipe nan SNAP pou 18 mwa anplis.

Diskalifikasyon pèmanan yon moun pou:

- Premye SNAP-IPV a ki baze sou yon pwosè pou itilizasyon oswa resewva avantaj SNAP an yon tranzaksyon ki gen ladann vant zamafe, minisyon oswa bonb.
- Premye SNAP-IPV a ki baze sou yon kondanasyon tribinal pou trafik avantaj SNAP pou yon kantite konbine \$500 oswa plis (Trafik la gen ladann itilizasyon ilegal, transfè, akizisyon, alterasyon oswa posesyon kat otorizasyon SNAP oswa aparèy aksè.)
- Dezyèm SNAP-IPV ki baze sou rezilta yon tribinal ke yon moun te itilize oswa resewva benefis SNAP nan yon tranzaksyon ki enplike lavant sibstans kontwole (dwòg ilegal oswa sèten dwòg kote preskripsyon yon doktè obligatwa);
- Tout twazyèm Vyolasyon SNAP Intentional Program.

Nenpòt moun ki kondane pou yon enfraksyon poutèt li te an tout konesans li itilize, transfere, achte, chanje oswa posede kat otorizasyon SNAP yo oswa aksè a materyèl yo, li kapab sijè tou a yon amann \$250.000, pran prizon pou 20 lane oswa toulede. Moun nan ka tou sibi pouswit dapre lwa Federal ak Eta.

Yo ka jwenn ou pa kalifye pou SNAP oswa yo jwenn ou koupab dèske ou te komèt yon IPV si:

- Ou fè yon deklarasyon oswa kap endwi moun nan erè, oswa mal reprezante, kache oswa kache bagay pou kalifye pou resewva avantaj oswa plis avantaj; oswa
- Achte yon pwodui avèk benefis SNAP avèk entansyon pou jwenn lajan kach lè ou entansyonèlman jete pwodui a epi retounen kontenè a pou kantite lajan depo a; oswa
- Komèt oswa eseye komèt nenpòt zak ki reprezante yon vyolasyon lwa Federal oswa Eta pou objektif itilizasyon, prezantasyon, transfè, akizisyon, resepsyon, posesyon oswa trafik avantaj SNAP, kat otorizasyon oswa dokiman yo ka re-itilize yo itilize nan sistèm Transfè Avantaj Elektwonik (EBT).

Anplis sa ki annaprè a pa otorize e, ou ka pa kalifye paske ou resewva avantaj SNAP ak/oswa ou sijè a amann pou aksyon yo ki enkli:

- Itilize oswa ou gen an posesyon w kat EBT ki pa pou w san konsantam mèt kat la; oswa
- Itilize avantaj SNAP yo pou achte atik ki pa manje, tankou alkòl oswa sigarèt, oswa pou peye pou manje ou te achte deja a kredi; oswa
- Otorize yon lòt moun itilize kat transfè benefis elektwonik ou (EBT) an echanj pou lajan kach, zamafe, aminisyon oswa eksploziv, oswa dwòg pou achte manje pou moun ki pa manm nan kay SNAP la.

Si ou jwenn plis avantaj SNAP ke sa ou ta dwe resewva (peman an sipli) ou dwe ranbouse yo. Si dosye ou an aktif, nou pral repan kantite peman an sipli an nan avantaj SNAP fiti ke ou pral jwenn yo. Si dosye ou an fèmen, ou dwe ranbouse peman an sipli an apati nenpòt avantaj SNAP ki pa itilize ki rete sou kont ou an, oswa ou kapab peye ak lajan kach.

Si ou gen yon peman an sipli ke ou pa t ranbouse, yo pral refere li pou kolèk, ki enkli kolèk otomatize ke gouvènman federal la ap fè. Yo kapab pran avantaj federal yo (tankou Sekirite Sosyal) ak ranbousman enpo yo ke ou gen pèmision pou resewva yo pou kapab peye peman an sipli an. Dèt lan pral sijè tou a montan frè tretman yo.

Yo pral itilize nenpòt avantaj SNAP ke yo retire sou kont EBT ou pou redwi peman an sipli aktyèl lan. Si ou tounen aplike pou SNAP ankò, epi ou pa ranbouse kantite ke ou dwe a, yo pral redwi avantaj SNAP ou yo si ou kòmanse retounen resewva yo. Yo pral avize ou, nan moman sa, sou kantite avantaj redwi ke ou pral resewva a.

SÈTIFIKASYON

Mwen konprann amann lan poutèt mwen kache oswa bay fo enfòmasyon. Mwen konprann tou mwen pral dwe vale avantaj SNAP ki anpli mwen resewva paske mwen pa rapòte tout chanjman nan fwaye mwen. Mwen dakò pou pm pwouve tout chanjman ki rapòte si sa nesèsè. Repons yo sou fòm sa korèk epi reponn ak tout konesans mwen genyen. Mwen konprann siyati m otorize otorite federal, eta ak lokal pou kontakte lòt moun oswa òganizasyon pou verifye enfòmasyon mwen bay yo.

SIYATI

DAT

X